# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–25 नवम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

सम्भल जिला में शाही जामा मस्जिद क सर्वे के ले के अत्तवार के भइल पथराव अउर आगजनी के मामिला में प्रसासन बड़हन स्तर पर कार्रवाई कइ रहलि हौ। अत्तवार के भइल हिसा में अबले चारि लोगिन क मउति हो चुकल हौ। फिलहाल सम्भल में हालति काबू में हौ। पुलिस अधीक्षक कृष्ण कुमार विश्नोई बतवलें कि हिंसा मामिला में दुइ थान्हा में सात प्राथमिकी दरज कइल गइल हौ। एहमें संमाजवादी पारटी क सांसद जियाउर्रहमान अउर विधायक नवाब इकबाल महमूद क बेटा सुहैल इकबालो के आरोपी बनावल गइल हौ। उन पर भड़काऊ भासण दिहले क आरोप हौ। मामिला में अबले पचीस लोगिन के हिरासति में लिहल गइल हौ। पुलिस दोसियन क पहिचान बदे सीसीटीवी फुटेज अउर ड्रोन कैमरा क वीडियो खोजि रहलि हवे। येह बिच्चे सम्भल तहसीलि में इंटरनेट सेवा के अगिला आदेस ले रोकि दीहल गइल हसै। जिलाधिकारी राजेन्द्र पैसिया कहलें कि उपद्रवियन के कउनों हालति में छोड़न नाहीं जाई। उहां के बतवलीं कि शाही जामा मस्जिद क सर्वे क काम काल्हि पूरा हो चुकल हौ, एकर रिपोर्ट ओन्तीस नवम्बर के जिला न्यायालय में सउंपल जाई।

**********

एगो कारोबारी समूह के खिलाफ घूस के आरोपन आ अउरियो मुद्दा के ले के बिपक्ष के हंगामा के नाते संसद क सीतकालीन सत्र के पहिला दिन्ने दुन्नो सदन क बइठकी आजु दिन भर खातिर स्थगित कइ दिहल गइल। लोकसभा क कार्यवाही मौजूद सदन के दुइ गो सरगबासी सदस्यन वसंतराव चव्हाण अउर शेख नुरूल इस्लाम के सरधांजलि दिहले के बाद दुपहरिया बारह बजे तक खातिर स्थगित कइ दीहल गइल। बइठकी जब फेर से सुरू भइल त बिपक्ष क सदस्य लोगि एगो व्यौसायी घराना के खिलाफ घूस के आरोप के सथहीं कई गो मुद्दन पर सोर मचावल सुरू कइ दिहलें। सोर–सराबा के बिच्चे अध्यक्ष सदन क बइठकी दिन भर खातिर स्थगित कइ दिहलें। ओहर राज्यसभा में सभापति जगदीप धनखड़ येही मुद्दन के ले के बिपक्षी सासदन के ओरि से दीहल गइल स्थगत प्रस्ताव के नामंजूर कइ दिहलें। येह पर बिपक्ष हंगामा सुरू कइ दिहलस त सभापति सदन क बइठकी दिन भर खातिर स्थगित कइ दिहलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर में आयोजित जनता दरसन कार्यक्रम में करीब तीनि सौ लोगिन से मुलाकाति कइ के उनकर समेस्या सुनलें। येह दौरान उहां के अधिकारियन के सज्जो समस्या क जल्दी से निपटारा कइले क निरदेस देत कहलें कि हर पीड़ित मनई क समस्या संवेदनसीलता से धियान दें अउर ओकर समय से निस्तारण करावें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु वाराणसी के उदय प्रताप कॉलेज क एक सौ पनरवहां स्थापना दिवस समारोह में सामिल भइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि युवा सक्ति क उपेक्षा कइ के कउनों देस आगे नाहीं बढ़ि सके ला। मुख्यमंत्री कहलें कि आजु तकनीक क जमाना हौ अउर विद्यार्थियन के एके एगो अवसर के रूप में लेवे के चाही। समारोह में प्रदेस सरकार क मंत्री रविन्द्र जायसवाल, दया शंकर मिश्र, महापौर अशोक तिवारी अउर महात्मा गांधी काशी विद्यापीठ क कुलपति ए.के. त्यागियो मौजूद रहलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ काल्हि प्रयागराज के दौरा पर रहिहें उहां क महाकुंभ क तइयारियन अउर तेरह दिसम्बर के संगम नोज पर प्रस्तावित प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के कार्यक्रम क समीक्षा करबि। येह मौका पर उहां के सहर के सफाई पर निगरानी बदे बनावल गइल नया बनल कंट्रोल रूम क निरीक्षणो करिहें।

**********

पूरा देस में काल्हि पचहतत्तरवां संविधान दिवस मनावल जाई। संविधान दिवस पर होखे वाला बिसेस कार्यक्रम के ले के प्रदेस सरकार काल्हि सज्जो जिला में तयारी करे क निरदेस दिहले हवे। ओहर, नई दिल्ली में संसद क सीतकालीन सत्र से पहिले मीडिया के सम्बोधित करत प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलें कि हमरे संविधान के पचहत्तरवां सालि में प्रवेस क समय लोकतंत्र बदे बहुते उज्ज्वल मौका पर।

**********

लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला कुछु वर्ग के येह आरोप क खंडन कइले हवें कि संविधान खतरा में हौ। उहां के कहलीं कि येह मुद्दा के संकीर्ण राजनीतिक दृस्टिकोंण से नाहीं देखल जाये के चाही। संविधान दिवस से पहिले आकाशवाणी समाचार के साथे एगो बिसेस साक्षात्कार में श्री बिडला कहलें कि संविधान देस के लोगिन से जुड़ल हौ अउर समाज के हर वर्ग क येह पर भरोसा हौ। लोकसभा अध्यक्ष पूरा साक्षात्कार आजु संझा सात बजि के दस मिनट पर आकशवाणी के एफएम गोल्ड चैनल पर सुनल जा सके ला।

**********

लखीमपुर महोत्सव के मौका पर आजु लखनऊ से लखीमपुर जिला के पलिया हवाई पट्टी के बिच्चे हवाई जहाज के सेवा क सुभारम्भ पर्यटन मंत्री डॉक्टर जयवीर सिंह अउर वन अउर पर्यावरण मंत्री डॉक्टर अरूण कुमार सक्सेना कइलें। येहह मौका पर मुख्यमंत्री क सलाहकार अवनीश अवस्थियो मौजूद रहलें। येह हवाई सेवा क सुभारम्भ के सथहीं सैलानियन के लखनऊ से दुधवा टाइगर रिजर्व अइले में ढेरे सहूलियत मिली। एहमें आठ सीटर विमान से रोजाना तीनि उड़ान होई।

**********